

# Konferans Pati popilè nasyonal

Maten madi 8 me 2001 an, Pati popilè nasyonal (PPN) te bay yon konferans pou laprès kote li te denonse antant ki vle fèt ant Fanmi Lavalas ak Konvèjans lan, kont enterè pèp la.

Benjamin Dupuy ki se sekretè jeneral PPN te kalifye seri rankont ant pouvw Lavalas la, CLED e Konvèjans lan kòm yon seri epizòd nan «yon roman feyton oubyen nou ta ka di se yon fim...», puiske pou li se yon fo kriz aktè politik yo ap prezante nan figi moun. «Mwen di w se yon fo kriz, ke yo rive ak yon antant, ke yo vle likide milye eli 21 me yo, ke yo vle bay yo pou satisfè kominote entènasyonal la.

Sa se bagay pa yo, men nou menm sa k entere nou se kontinye lit pèp ayisyen pou n ka rive ak reyèl reyalyizasyon 3 wòch dife yo: jistis, patisipasyon e transparans», e Dupuy te kontinye: «Gwo pwoblèm fondamantal pèp ayisyen an ap konfwonte, blakawout gratis ti cheri, ensekirite gratis ti cheri; donk mwen m pa kwè se nan chirepit pou pataje pouvw ke solisyon peyi a ye».

Konsa, sekretè jeneral Pati popilè nasyonal (PPN) nan kwè ke «2 belijeran» yo pa gen diferans fondamantal, puiske yo tou 2 se koutye ki gen

yon sèl patwon: «Kriz ki ekziste ann Ayiti a, reyèl kriz la se yon kriz sosyal, se yon kriz estriktirèl ki la nou ka di depi 200 zan. Kote yon ti elit ap eksplwate grann majorite pèp la e mennen peyi a nan yon veritab sitiyoasyon katastwòf. Jounen jodi a donk, m pa kwè se keksyon sa yo ki pral poze.» Konsa, PPN denonse fason pouvw anplas la chak jou pi plis ap bafre ideyal 16 desanm 90 yo e li rete kwè vrè opozisyon ki ta genyen an ta dwe mache ak pèp la, kòtakòt!

## REOUVÈTI TELE EXPRESS CONTINENTAL

Tout moun sonje nan dat dimanch 15 pou louvri lendi 16 avril 2001 an kòman vòlè te sakaje radyo Tele Express Continental ki te pèmèt stasyon sila a pase a peprè 22 jou ak pòt li fèmen. Ebyen se jounen madi premye me 2001 an, radyo a te reouvè pòt li timidman; men se jounen lendi 7 me 2001 an yo rekòmanse ak tout emisyon nouvel yo. Nan sikonstans lan, nan yon editoryal li te mete deyò direktè radyo a, pwofesè Jacques Jean Pierre, remèsye tout moun ki te sipòte radyo a ki pèmèt reouvèti rive fèt. Nan menm sikonstans lan responsab kèk lòt medya nan vil la tankou RDDJ, EFATA elatriye mande la polis pou

pran desizyon pou kontwòle vil la, ak chevalye de nwi yo ki sanble jwenn kat blanch pou fonksyone lib e libè, e pèmèt yon zak konsa pa repete nan vil la.

## TÈT ANSANM

WOJE E. SAVEN

Se yon mantalite ki mande chanje. Kote ou pase nan peyi Ayiti wap jwenn moun ki konnen yo pi siperyè pase lòt moun. Kit se moun andeyò kit se moun lavil, kit se moun rich kit se moun pòv, kit yo letre kit yo iletre pi fò ladan-yo konnen yo pi siperyè pase tout moun "kikeseswa". Moun kap ekri pwezi ak literati lirik konn rele atitid-sa-a fyète. Men lòt moun tou ka mande èske se pa yon vanite egzajere epi ki lakòz? Si nou ka jwenn yon repons pou keksyon-sa-a na petèt konprann poukisa malè Ayiti kòmanse depi prenmye janvyè 1804 osnon menm depi lontan anvan depi epòk kolonnyal-la.

Reprinted with permission from  
Woje E. Saven,  
The Haitian Times



Haitian art

FILE

**BRONXNET**  
COMMUNITY TELEVISION



&

**verizon**

present

## Putting Your Bronx Business on the Map

Featuring MJ Snyder of CRAIN's New York Business

### Breakfast Workshop LEHMAN COLLEGE, Carman Hall Café

**FRIDAY, June 15th @ 8:30AM**

Registration fee: \$ 20 in advance \$ 30 at the door

Learn the tricks of marketing a small business like a large business from the experts in various media and areas of expertise. Putting Your Business on The Map will outline the traditional and nontraditional ways you can reach out to new customers and clients. A Continental breakfast and networking Opportunity will begin the morning. Bronxnet will be videotaping the event for later cablecast on Channel 67.

For More Information call (718) 960-6725  
Or register on line at [Bronxbiz@bronxnet.com](mailto:Bronxbiz@bronxnet.com)

The Keynote will be followed by a round table discussion featuring:

Moderator Michael Gill -  
The GillWright Group

A representative from  
Verizon Yellow Pages,

Jim Carney -  
Bronxnet Community Television,

David Kiesman -  
The Bronx Times Reporter

& specialists on internet and new technology approaches to local marketing.

#### Who Should Attend ?

Owners and managers of small to medium sized businesses who are looking for unique and effective ways to increase awareness, increase branding and help their company stand out in a crowded and often overwhelming business environment.

to register by mail send your name, company affiliation, address, phone #, fax#, and payment to:

Business Breakfast  
Bronxnet  
Lehman College,  
Carman Hall C-19  
Bronx NY 10468